

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Nulis téh salasahiji kaparigelan basa disagédéngéun kaparigelan ngaregepkeun, nyarita, jeung maca. Nulis mangrupa kagiatan ngébréhkeun pikiran, parasaan, jeung kahayang nu jadi wangun komunikasi teu langsung antara panyatur jeung pangregep sarta kawilang kompléks alatan patalina rupaning aspék, kayaning pamikiran, basa, sarta téhnik ngébréhkeun pamikiran éta kana wangun tinulis. Nurutkeun Tarigan dina Nurjanah (2007: 1), nulis nya éta nurunkeun lambang-lambang grafik anu ngagambarkeun basa hiji jalma nepi ka jalma lian bisa nyangkem éta basa tina gambaran grafik tadi.

Kaparigelan nulis mangrupa kaparigelan anu kompléks tur nungtut sajumlahing pangaweruh jeung kaparigelan. Pikeun bisa nulis hiji jalma kudu ngabogaan pangaweruh ngeunana naon nu rék ditulis, nya éta eusi karangan, aspék-aspék kabasaan, jeung téhnik nulis. Sajumlahing pangaweruh éta datangna tina prosés mikir.

Salian ti mangrupa kagiatan produktif, nulis ogé jadi kagiatan éksprésif nu ngaéksprésikeun pamikiran atawa rasa saurang jalma ka jalma séjénna ngaliwatan wangun tinulis. Saurang panulis kudu parigel dina ngamangpaatkeun pangaweruh basa, bahan tulisan, jeung kosa kecap sakaligus. Nulis mangrupa kagiatan nyatet, ngarékat, ngayakinkeun, ngalaporkeun, ngainformasikeun, jeung mangaruhan pamacana. Sangkan maksud ieu bisa kahontal, saurang panulis kudu mampuh

ngarangkay jalan pikiran katut ngébréhkeun jalan pikiran éta kana wangun tinulis sacara jelas, lancar, ngaguluyur, tur komunikatif. Kajelasan hal ieu kacida gumantungna kana pamikiran, organisasi, pamilihan, jeung pamakéan kecap sarta struktur kalimah dina wangun tinulis.

Di dunya atikan, nulis mangrupa hal nu dianggap lumrah alatan rupaning kagiatan atikan réa ngalibetkeun wangun tinulis. Fungsi nulis, nya éta, pikeun ngébréhkeun parasaan jeung pamikiran urang kana média tulisan. Fungsi nulis dina pangajaran nya éta pikeun ngabantuan/ngalatih peserta didik dina ngébréhkeun kahayang, pamadegan, gagasan, tujuan jst. nu hayang ditepikeun kabatur dina wangun tulisan, sarta pikeun ngalaporkeun naon-naon nu kapanggih ku peserta didik salila prosés diajar. Kaparigelan nulis mangrupa kaparigelan nu kawilang penting alatan ayana fungsi nulis nu mampuh mekarkeun pola pikir sangkan leuwih jembar tur bisa mikir kritis.

Pentingna kalungguhan nulis pikeun peserta didik, di antarana mahasiswa, ngajadikeun mahasiswa kudu ngabogaan ieu kaparigelan secara hadé. Pikeun mahasiswa jurusan basa, bisana nulis mangrupa hiji hal anu mutlak kudu dipibanda alatan geus jadi tuntutan sarta kaparigelan anu wajib dipimilik. Satungtung patali jeung kaparigelan basa, mahasiswa geus loba nu ngabogaan kamampuh reseptif (*receptif skill*), nya éta kamampuh dina ngaregepkeun jeung maca. Hanjakal ngan saeutik anu mibanda tur bisa ngembangkeun kamampuh produktif (*productif skill*) nu ngawengku nyarita jeung nulis. Nilik tina hal ieu, bisa disebutkeun yén sistem pendidikan nasional tacan hasil nyiptakeun kamampuh nulis mahasiswa nu hadé. Sabagan gedé mahasiswa teu miboga

kaparigelan nulis. Kamampuh nulis teu bisa ngan dibentuk saharitaeun, tapi butuh prosés nu panjang ngaliwatan mata kuliah nu didésain sacara hadé kalawan persiapan nu serius tur ngalibatkeun para pangajar, instruktur, atawa dosén nu mibanda kaparigelan nulis sarta biasa dina nulis. Lian ti kitu, diperlukeun ogé bahan ajar nu luyu jeung pas pikeun ngembangkeun kaparigelan nulis mahasiswa.

Tulisan nu jelas mawa kana pamikiran anu kritis. Lian ti kitu, nulis ngajadikeun urang bertanggung jawab kana satiap kecap nu ditulis nepi ka pada ahirna ngajadikeun panulisan jelema nu bertanggung jawab ogé. Nulis ngalatih mahasiswa pikeun nimbang-nimbang bukti, ngahudangkeun gagasan, ngaintegrasikeun pangaweruh, sarta ngébréhkeun hal éta kana wangun tinulis kalawan bener. Budaya akademis sajatina dimimitian ku mata kuliah atawa pelajaran nulis nu saterusna dimekarkeun ngaliwatan karya-karya tinulis nu tuluy-timuluy.

Satemenna kaparigelan nulis lain waé ngan ukur keur golongan-golongan anu boga bakat nulis wungkul, ngaliwatan latihan nu bener-bener unggal individu pasti boga kaparigelan nulis. Kaparigelan nulis nu dimaksud nya éta kaparigelan nulis sacara formal (Akhadiyah, spk, 1995: 2).

Teu bisa dibabisani, nulis mangrupa hal nu penting pikeun mahasiswa. Hanjakal réa mahasiswa anu ngabogaan kaparigelan nulis anu kawilang handap. Nurutkeun Chaedar Alwasilah dina bukuna *Pokoknya Menulis*, sacara umum kaum inteléktual Indonesia di paguron luhur teu ngabogaan kaparigelan nulis nu hadé. Hal ieu bisa katitén tina kurangna kréativitas mahasiswa dina ngahasilkeun karya tulis. Umumna mahasiswa ngan ngahasilkeun karya tulis nu dipancénkeun.

Kajadian ieu utamana dilantarankeun kaparigelan nulis dianggap leuwih hésé tinimbang kaparigelan basa séjénna sabab mangrupa prosés *berbahasa* nu disebut produktif aktif nu teu ngan saukur narima informasi wungkul, tapi ogé nyieun jeung ngawangun informasi. Hal séjén nu jadi marga lantaran handapna kaparigelan nulis mahasiswa, di antarana disababkeun: héséna ngungkabkeun pamadegan atawa ide kana wangun tinulis, kurangna bahan pikeun panulisan, kurangna kaparigelan kabasaan nu dipikaboga ku saurang mahasiswa, kurangna pangaweruh kana kaédah-kaédah panulisan, jeung kurangna kasadaran kana pentingna nulis.

Salila ieu, umumna mahasiswa nulis saupama aya papancén ti nu jadi dosén dina pangajaran wungkul, teu jadi kagiatan poéan anu mayeng dilaksanakeun. Sok sanajan, kaparigelan nulis pikeun mahasiswa mangrupa kaparigelan anu satemenna kudu dipimilik ku maranéhna. Kagiatan pangajaran nulis di paguron luhur réréana ngan saukur téori sarta aya kalana teu ngagunakeun bahan pangajaran anu hadé sarta rélévan jeung kagiatan nulis tur kabiharian (*up to date*) luyu jeung kamekaran jaman sarta pasualan-pasualan nu aya dina kahirupan sapopoé nu keur karandapan ku masyarakat.

Pikeun ngungkulana, sakumaha ilaharna lembaga atikan, paguron luhur ogé tangtu ngabogaan konsép nu jelas dina ngajarkeun nulis pikeun ningkatkeun kaparigelan nulis mahasiswa. Hal ieu bisa katitén tina ayana pancén ka para mahasiswa ku cara nyieun karya tulis. Karya tulis ngabogaan peranan jeung kalungguhan nu kawilang penting sarta mangrupa bagian tina tuntutan formal akademik. Salasahiji tarékah pikeun ningkatkeun kaparigelan nulis mahasiswa éta,

di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (JPBD) FPBS UPI, aya mata kuliah Menulis Karya Populer nu di antarana ngajarkeun kumaha carana nulis karya-karya populér kaasup éséy.

Majalah *Manglē* mangrupa majalah nu ngagunakeun basa Sunda anu geus ngabeungharan khazanah kasundaan sarta ngahirup-huripkeun basa, budaya, katut sastra Sunda. Majalah ieu ogé mangrupa hiji kalawarta anu poténsial sarta ngandung rupaning ajén-inajén kasundaan tur euyeub ku élmu pangaweruh pikeun pamacana. Dina majalah *Manglē* réa rubrik anu midangkeun hal-hal nu sakuduna dipikanyaho ku sakumna urang Sunda, di antarana rubrik Balé Bandung.

Rubrik Balé Bandung mangrupa rubrik nu midangkeun rupaning hal nu patali jeung pulitik, jeung sosial di Indonesia, sarta hal-hal nu aya pakaitna jeung perkara kasundaan anu lumangsung dina jaman kiwari. Rubrik Balé Bandung nu mangrupa wangun éséy ditulis ngagunakeun pola panulisan anu narik ati, kritis jeung mampuh ngawujudkeun pola pamikiran nu macana. Ieu rubrik nu ditulis ku Karno Kartadibrata téh satemenna kudu dibaca ku para pamaca *Manglē*, kaasup di antarana dibaca ku mahasiswa. Lian ti kitu, ieu rubrik téh miboga kamungkinan kalawan perlu diuji salaku salahahiji bahan pangajaran pikeun mahasiswa di paguron luhur utamana pikeun bahan pangajaran nulis éséy dina mata kuliah Menulis Karya Populer di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI sangkan mahasiswa bisa nyangking informasi tina ieu rubrik sarta bisa ningkatkeun kaparigelan nulisna. Ku kituna, perlu diayakeun hiji panalungtikan ngeunaaan hal ieu. Hanjakal nepi ka danget ayeuna tacan aya nu nalungtik perkara hal éta. Nilik tina hal ieu, panalungtik ngarasa perlu pikeun ngayakeun panalungtikan perkara

rubrik Balé Bandung salaku bahan pangajaran nulis pikeun mahasiswa nepi ka ngawujud ieu panalungtikan nu judulna “Analisis Rubrik Balé Bandung dina Majalah *Manglé* nu Medal Taun 2011 pikeun Bahan Pangajaran Nulis Éséy di Paguron Luhur”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah di luhur, ieu di handap baris dijelaskeun ngeunaan watesan jeung rumusan masalah panalungtikan.

1.2.1 Watesan Masalah

Pasualan nu tumali jeung kagiatan nulis di paguron luhur sarta bisa dicokot tina majalah *Manglé* kacida euyeub jeung jembar. Ku kituna, ieu panalungtikan diwatesan ngan saukur nalungtik ngeunaan éséy dina rubrik Balé Bandung nu medal dina taun 2011 ti bulan Januari nepi ka Désember ngawengku aspék eusi, kabasaan, jeung téhnik panulisanana. Satuluyna, ieu rubrik dianalisis patali jeung bahan pangajaran nulis di paguron luhur, utamana pikeun nulis éséy dina mata kuliah Menulis Karya Populer di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI.

1.2.2 Rumusan Masalah

Nu jadi rumusan masalah tina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) kumaha eusi rubrik Balé Bandung téh?
- 2) kumaha aspék kabasaan nu aya dina rubrik Balé Bandung?

- 3) kumaha téhnik panulisan nu digunakeun dina rubrik Balé Bandung?
- 4) kumaha patalina téks rubrik Balé Bandung pikeun bahan pangajaran nulis éséy di paguron luhur?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nuduhkeun hal-hal nu tumali jeung rubrik Balé Bandung nu aya dina majalah *Manglé*. Sarta engkéna bisa henteu dilarapkeun salaku bahan pangajaran nulis éséy di paguron luhur.

1.3.2 Tujuan Husus

- Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:
- 1) eusi nu aya dina rubrik Balé Bandung;
 - 2) aspék kabasaan nu aya dina rubrik Balé Bandung;
 - 3) téhnik panulisan rubrik Balé Bandung;
 - 4) téks rubrik Balé Bandung pikeun bahan pangajaran nulis éséy di paguron luhur.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan, di antarana pikeun nambahán élmu pangaweruh dina widang atikan, nambahán pilihan dina ngagunakeun bahan pangajaran nulis éséy dina mata kuliah Menulis Karya Populer. Sarta bisa

meunangkeun aspek eusi, kabasaan, jeung teknik panulisan tina rubrik Balé Bandung.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan, di antarana:

- 1) pikeun mahasiswa, dipiharep bisa nambahana pangaweruh sarta ngamotivasi mahasiswa sangkan resep jeung parigel dina nulis ésey;
- 2) pikeun Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI, dipiharep bisa méré dédikasi anu luhur sangkan bisa ngaronjatkeun kualitas pangajaran dina mata kuliah Menulis Karya Populer anu bisa dijadikeun pangdeudeul dina ngeuyeuban pangaweruh jeung ngaronjatkeun kamampuh mahasiswa dina nulis ésey;
- 3) pikeun dosén basa, hususna dosén mata kuliah Menulis Karya Populer, dipiharep bisa dijadikeun solusi alternatif pikeun ngajardeun nulis ésey, utamana pikeun ngaronjatkeun kamampuh mahasiswa dina nulis ésey;
- 4) pikeun panalungtik, bisa nambahana khazanah pangaweruh ngeunaan nulis ésey.

1.5 Wangenan Operasional

Wangenan operasional anu aya patalina jeung judul panalungtikan dipedar di handap.

1. Analisis. Analisis mangrupa, “*Penyelidikan terhadap suatu peristiwa (karangan, perbuatan dsb.) untuk mengetahui keadaan yang sebenarnya (sebab-musabab, duduk perkara, dsb.),*”(KBI 2008: 60).

2. Rubrik Balé Bandung. Rubrik Balé Bandung mangrupa salahsahiji rubrik nu aya dina majalah *Manglé* nu eusina ngeunaan pulitik, sosial, khazanah kasundaan, jsb. nu ditulis ku Karno Kartadibrata.
3. Majalah *Manglé*. Majalah *Manglé* mangrupa majalah nu ngagunakeun basa Sunda sarta jadi majalah kawéntar di tatar Sunda, nu eusina ngeunaan kahirupan urang Sunda, budaya, sastra, pulitik, sosial, jsb.
4. Bahan pangajaran. Bahan pangajaran nya éta eusi tina widang studi anu ditepikeun ka peserta didik luyu jeung kurikulum nu digunakeun.
5. Nulis. Nurutkeun Tarigan nulis nya éta nurunkeun atawa ngalukiskeun lambang-lambang grafik nu ngagambarkeun hiji basa nu dipaham ku saurang jalma nepi ka jalma séjén bisa maca lambang-lambang grafik éta.
6. Éséy. Éséy nya éta hiji karangan pondok dina wangun prosa (lancaran) ngeunaan hiji pasualan dumasar kana pamadegan atawa pamikiran panulisna atawa ungkapan panulis ngeunaan hiji pasualan.
7. Paguron luhur. Paguron luhur mangrupa lembaga atikan nu ngalaksanakeun *pendidikan tinggi* pangluhurna sanggeus tingkat SMA/MA/SMK, saperti sekolah tinggi, universitas, akademi, jeung institut.

1.6 Anggapan Dasar

Nu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) nulis mangrupa kaparigelan nu penting dipibanda ku mahasiswa;
- 2) nulis mangrupa bagian tina kaparigelan basa disagédéngéun kaparigelan ngaregepkeun, nyarita, jeung maca;

- 3) majalah *Manglé* mangrupa média massa nu geus ngeuyeuban khazanah kasundaan nu bisa dijadikeun sumber référénsi;
- 4) rubrik Balé Bandung dina majalah *Manglé* mangrupa rubrik nu eusina bisa nambahana pangaweruh pamacana;
- 5) nulis ésény mangrupa salahiji bagian tina mata kuliah Menulis Karya Populer di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI.

1.7 Raraga Tulisan

Eusi ieu skripsi ngawengku lima bab, anu dijerona ngébréhkeun ngeunaan *penjelasan-penjelasan* nu sistematis dumasar kana maksud judul bab anu dipedar.

Bab I eusina mangrupa bubuka anu medar ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, wangenan operasional, anggapan dasar panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II eusina mangrupa kajian téori panalungtikan anu medar ngeunaan nulis, ésény, jeung bahan pangajaran nulis ésény.

Bab III eusina ngeunaan métodologi panalungtikan anu medar ngeunaan métode jeung téhnik panalungtikan, sumber data panalungtikan (populasi jeung sampel), instrumén panalungtikan, jeung prosedur ngolah data.

Bab IV eusina mangrupa déskripsi hasil panalungtikan anu medar ngeunaan rubrik Balé Bandung dina majalah *Manglé* ditilik tina aspek eusi, kabasaan, jeung téhnik panulisan sarta patalina antara rubrik Balé Bandung éta

salaku bahan pangajaran nulis ésey dina mata kuliah Menulis Karya Populer di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI.

Ari dina bab V dipedar ngeunaan kacindekan tina hasil pembahasan jeung panalungtikan anu geus dilaksanakeun, saran katut lajuning laku pikeun pihak-pihak anu aya pakaitna jeung panalungtikan.

